

“Bulan”

Karya Sekar Wiati

Lamun pareng ningal bulan

Sok émut carios nini

nuju anom di pilemburan

sok ngabungbang di buruan

sukan-sukan jeung sapantaran

bari ngawih nurutan biduan,

“Ngabungbang, yu hayu ngabungbang,

Neuteup bulan, geuning, néangan béntang”

Lamun pareng ningal bulan

carios nini kantun panineungan

Caang bulan saukur wangwangan

Cahayana kasanding lampu baranang

Dongeng Nini Antéh jeung ucingna

teu tembus tepi ka ayeuna

kakubur ku dongéng mashur ti tungtung dunya

Awal Juni 2025

“Haseup Kota”
Karya Hadi AKS

Aya haseup ngebul di kota
mulek ti saban liang kendaraan
mulek ti unggal corobong pabrik

Éta haseup tingsulusup
kana irung jeung paru-paru
saban waktu kitu jeung kitu
haseup kota nu kulawu

Tatangkalan teu katingal
héjo lémbok teu katénjo
di kota ngan aya gedong
wangunan pajangkung-jangkung

Manusa hirup di kota
dilingkung beusi jeung beton
tapi anteng bangun tingtrim
nyeuseupan haseup polusi.

1998

“Katiga”

Karya Yayat Héndayana

Kekebul jalan

haliber

katebak angin katiga

eunteup dina kaca toko

sawaréh arasup kana panon

Kekebul kota

sarila

katebak angin katiga

unggut-unggut dina émpér

némbongkeun dampal leungeunna

ka sakur nu liwat

Kekebul jalan

jeung kekebul kota

nu sareukseuk kana mata

pada-pada miharep hujan silantang

pikeun dirina